







**YIO SEN**

Pekerjiaan: baik!

TOEKANG GIGI

Ongkos: pantas!!

MOENTILAN

(hotel).

Dan . . . paké garantie!!!

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAË TOEWIN AWÈT  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W. }

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA**

mémang tiada maoe pakai per-  
toema, melainkan boeat djaga  
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-  
rima obat jang selamanja baroe  
dan paling baik, lebih pintar  
Djangan beli sama sekali.

**DJOKJA**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat  
MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO  
soedah terkenal berapa banjak  
poeloehan taohan dan bisa dapat  
beli dimanq-mana tempat. Kalau  
dapat beli tjap

**DJOKJA**

tanggong beli jang paling baik.  
Djaga tjap „RATHKAMP”  
dan „ERCEE”

**DJOKJA**

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

**TOKO H. SPIEGEL** MALIOBORO 17  
DJOCJA.

MAGAZIJN VAN

**LUXE - en HUISHOUDELIJKE  
ARTIKELEN**

KINDERWAGENS - SPORTKARREN  
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig . . . . . f 5,75  
GASOLINE - LAMPEN . . . . . f 12,50

**WIDADANING  
PRIESTERFONDS**

nedahaken bilih kita mangertos  
dateng wadjib lan sesanggèn  
kita pijambak.

**HEEL DE ARCHIPEL LEEST  
DE KOERIER**

Eenig R. K. Dagblad  
in Ned. Indie

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

**INGKANG NJEPENG LARÉ,  
NGRENGGANI DJAMAN  
TEMBÉ - WINGKING!**

Prijantoen,  
**JEUGDORGANISATIE**  
sampoen kasangga  
miring!!

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

|                          |               |                          |                          |                          |             |                         |                  |
|--------------------------|---------------|--------------------------|--------------------------|--------------------------|-------------|-------------------------|------------------|
| Ambarawa                 | 6.30 - 8.30   | Lamah                    | 5.30 - 6 - 8.            | Pekalongan <sup>8)</sup> | 7.30        | Soerabaya:              |                  |
| Amboina                  | 7.30          | Lawang <sup>5)</sup>     | 7.                       | Pemalang <sup>3)</sup>   | 7.30        | Kepandjen               | 6 - 7 - 9.       |
| Bagan Siapi-api          | 7.30          | Madioen                  | 6 - 7.30                 | Pemangkat                | 8.30        | Anita Boul.             | 6 - 7.30 - 9.    |
| Bandoeng                 | 6 - 7.30 - 9. | Magelang                 | 7 - 9.                   | Poerwokerto              | 7.30        | Soerakarta              | 6 - 7 - 8.30     |
| Benkoelen                | 7.30 - 9.     | Makassar                 | 6 - 7.30                 | Poerworedjo              | 7 - 8.30    | Tandjoeng Balai         | 7.30             |
| Blitar                   | 7.30          | Malang                   | 6 - 7.15 - 8.30          | Pontianak                | 7 - 8.30    | Tandjoeng Karang        | 8.               |
| Buitenzorg               | 6 - 8.        | Manado                   | 6 - 7.30                 | Probolinggo              | 7.30        | Tandjoeng Sakti         | 7.30             |
| Cheribon                 | 7.30          | Medan                    | 6.30 - 8 - 8.30 (tjina). | Salatiga                 | 7.30        | Tara-Tara               | 7.30             |
| Djember                  | 7.30          |                          | 9.30 (mal.)              | Sambas                   | 6 - 8.30    | Tegal                   | 7.30 - 9.30      |
| Djokja:                  |               | Medari <sup>6)</sup>     | 7.30                     | Sambong                  | 8.          | Tering                  | 7.               |
| Kampementstraat          | Eur. 7 - 9.   | Meester Corn.            | 7 - 9.                   | Sawah Loento             | 7 - 8.30    | Tjilatjap <sup>4)</sup> | 7.30             |
|                          | Jav. 6 - 8.   | Mendoet                  | 6 - 7.30                 | Sedajoe                  | 7.          | Tjmahi                  | 6 - 8.           |
| Kota Baroe               | 6 - 7.30      | Modjokerto               | 6 - 8.                   | Sedjiram                 | 5.45 - 8.30 | Tomohon                 | 7 - 8 - 9.       |
| Djombang <sup>1)</sup>   | 7.30          | Muntok                   | 5 - 6 - 8.               | Semarang:                |             | Wates <sup>7)</sup>     | 7.               |
| Fort de Kock             | 7.30          | Ngawi <sup>7)</sup>      | 7.30                     | Gedangan                 | 7 - 9.      | Weltevreden:            |                  |
| Gandjoeran <sup>2)</sup> | 7.            | Padang                   | 7 - 8.15 - 9 (tjina).    | Bangkong                 | 6.30 - 8.   | Waterlooplein           | 5.45 - 7 - 9.    |
| Gombong <sup>3)</sup>    | 7.30          | Padang Pandjang          | 7.30                     | Tjandi                   | 7.          | Kramat                  | 6 - 8 - 9 (mal.) |
| Keboemèn <sup>4)</sup>   | 7.30          | Pajakoeombo              | 7.30                     | Randosari                | 7.          | Wonosobo <sup>8)</sup>  | 7.30             |
| Kediri                   | 7.30          | Palembang                | 7 - 9.                   | Singkawang               | 6.30 - 9.   | Woloan                  | 8.30             |
| Klatèn                   | 7.30          | Pasoeroean <sup>1)</sup> | 7.30                     | Soekaboemi               | 6 - 7.30    |                         |                  |
| Koeta Radja              | 6.30 - 8.     |                          |                          |                          |             |                         |                  |

1) 1e. Achad. 2) 2e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 4) 3e. Achad.  
5) 1e. + 3e. Achad. 6) 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. 7) 2e., 4e. Achad. 8) 4e. Achad.

**Volkscredietbank ing Tasikmalaja.**

Manoet verslag taenan, volkscredietbank ing Tasikmalaja angsal bebaten f55.559, kapitalipoen saged mindak dados f819.366. Economie-nipoen tijang siti ketingal njenengaken. Pakarjan damel toedoeng pandan, wonten ing onderdistr. Radjapolah kalijan Indhiang sanget madjeng. Samanten oegi padagangan kopra, wonten onderdistr.-onderdistr. ingkang sisih Kidoel inggih katawis madjeng. Ing kita Tasikmalaja toewin doesoen-doesoen satjelakipoen ngrikoe, madjeng sanget ambatik. Ing distrik Bandjar wonten tanah pinten-pinten kabikak kanggé tetanèn.

**MANTJA NAGARI.**

**Tjina contra Rusland.**  
(Ngèlmoe Roeslan dipoenemohi).  
Pandjenangan sami mangertos, tanah Tjina taksih perang pijambak: sadèrèk sami sadèrèk.  
Samangké, manoet tilgram-tilgram wiwit tanggal 12 Djoeli doemoegi tanggal 18 Djoeli, koela mangertos bilih sapoenika tanah Tjina kalijan Roeslan sami pasaelajan, sisib-sembiripoen malah saged dados perang saèstoe.  
Katjarijos manggah ingkang dados sababipoen: margi golongan Sovjet njapèlèkaken sarta anradjang pradjangdijan Moekden-Moskouw kala taoen 1924. Langkoeng - langkoeng déné nitik saking pratélanipoen President Chineseche Oosterspoorlijn bangsa Tjina, kala anggalédah grija konsol Roeslan kala tanggal 27 Mei, ing ngrikoe pinanggih wonten serat-serat ingkang mratélakaken bilih:  
Chineseche Oosterspoorlijn dipoenanggé pirantos propaganda Komunis déning Sovjet

sekait kalijan poenggawa-poenggawa bangsa Roeslan. Kadjawi poenika pakempalan toenggil damel gadahanipoen bangsa Roeslan ing Harbin oegi dipoenisèni soepados pangawasanipoen Sovjet wonten margi-margi sepoer saja rosa.  
Lekasipoen nagari Sovjet ingkang makaten waoe toemrap tanah Tiongkok boten namoeng dipoen-anggep amebajani dateng marginipoen sepoer kémawon, oegi adrawasi toemrap karta rahardja toewin katentremanipoen nagari Tiongkok.  
Nagari Tjina amastani: Roeslan babar pisan boten angèneti pradjangdijan ingkang sampoèn-sampoèn.  
Saladjengipoen, . . . . . nagari Tiongkok ladjeng anjepengi tetijang Roeslan ingkang manggèn wonten Mantsjoeriè, angljer Oost - Chin. spoorweg. Sampoèn tentoe kémawon Tjina inggih boten namoeng kèndel. Kala tanggal 14 Djoeli, Sovjet angintoenaken pèpèngget dateng Tjina, asoeraos: Sovjet inggih poeroen angerooes prakawis pandakwa waoe oeger tijang Roeslan ing Mantsjoeriè ingkang sami tjinepeng ladjeng kaloewarana sanalika. Sovjet anginahi wekdal tigang dinten kanggé amangsoeli. Mangké manawi wangsoelanipoen nagari Tiongkok boten anjenengaken, Roeslan badé toemindak sanès kanggé angajomi wewenangipoen.  
Makaten sadèrèk pèpènggetipoen Roeslan dateng Tjinal  
Katjarijos kala tanggal 16 Djoeli, paréntah kabangsan sami parepatan kanggé mangsoeli pèpènggetipoen Roeslan waoe.  
Tanggal 16 Djoeli wantji tengah daloe, ministerie buitenlandsche zaken angintoenaken nota wangsoelan dateng Sovjet loemantar wawakilipoen ingkang wonten Moskouw.  
Serat pèpèngget wangsoelanipoen Tjina waoe asoeraos: sakedap malih Tiongkok badé kéngkènan wawakil

dateng Sovjet perloe angrembag nalar ingkang dados rembag poenika. Kadjawi poenika ing serat wangsoelan waoe anjeboetaken:  
„Bangsa Tjina, toewin nagari Tiongkok, salaminipoen tansah anggadhahi raos pamitran kalijan bangsa toewin papréntahan Sovjet. Nanging éman sanget déné nembé poenika wonten pasekèn ingkang tjeta bilih para agènipoen Sovjet sami anindakaken propaganda kominis wonten ing laladanipoen nagari Tjina. Lekas ingkang makaten waoe amebajani sanget toemrap pradjja Tjina.  
Kanggé angèkahi katentreman, para pangageng ing Mantsjoeriè sami toemindak angèpek Oost-Chin. Spoorweg, poenapa déné ambibaraken wakil Sovjet ing Habin.  
Manoet palapoeran-palapoeran, poenggawa-poenggawa bangsa Roes ing O. Chin. spoorweg sami boten anetepi oengling pradjangdijan kala taoen 1924; margi ingkang makaten waoe patrapipoen paréntah kabangsan Tjina boten kènging jèn kawastanan nerak pradjangdijan kala taoen 1924 waoe.  
Pèpèngget wangsoelanipoen Tiongkok waoe anggadhahi paneda kalih warni ingkang kedah boten dipoentimbang paneda déning Sovjet, makaten: 1. Rep. Sovjet kedah toemoenten ngloewari bangsa Tjina ing Roeslan ingkang sami tjinepeng. 2e. Sovjet kedah ngajomi kaomè kabangsan ingkang wonten Roeslan sampoèn ngantos pinalinder.  
Wasana minangka poengkasanoen, serat wangsoelan waoe anjeboetaken: datengipoen para soedagar kawoelanipoen Roeslan wonten nagari Tjina, badé tinampèn kalijan tanggan kalih. Déné anggènipoen paréntah kabangsan poenika nembé anjepengi tetijang Roeslan ingkang wonten Mantsjoeriè, poenika namoeng mligi soepados boten wonten propaganda kominis malih, poenapadéné namoeng kanggé soepados boten wonten dahoeroe poenapa-poenapa.  
Kawartosaken wonten wadyabala Tjina 5000 sami andjagi Chin. Oosterspoorweg ingkang sisih wétan, sarta wonten malih 10.000 ingkang sami ngalempak wonten ing Manchuli, margi kabaripoen ing ngrikoe wadya Roeslan sampoèn ladjeng jasa loopgraven ngantos nglodjok anglangkahi wates.  
Manoet tilgram Aneta saking New York, kala tanggal 17 Djoeli, wonten kabar saking Moskouw bilih ROES-

LAN AMEDOT LALAJANANIPOEN KALIJA TIONGKOK. Malah saged oegi badé dados perang.  
Tilgram saking Shanghai tanggal 17 Djoeli anjarijosaken tilgram-tilgram ingkang anggandèng Tientsin kalijan Habrin, sami dipoenpedoti.  
Wonten papan ingkang tebihipoen 3000 mil saking wates Mantsjoeriè ing sisih ngrika kalijan ngrika sampoèn wonten pradjoerit samekta ing damel. Wadya Sovjet ingkang kakapalan ing Buiten Mongoli sami mangétan dateng Taonanfu, lan inggih wonten ingkang mepak baris wonten ing satjelakipoen Suifeno sawétanipoen wates Mantsjoeriè. Wadyabala Tiongkok kalijan Roeslan sami ngalempak wonten ing papan ingkang adjeng-adjengan doemoenoeng wonten sabranganing Amoer satjelakipoen Blagoverschensk. Nanging pakabaran poenika dèrèng nama officieel, dados boten dipoentanggal njata lan botenipoen. Tetijang mantja ingkang noempak sepoer saking Éropa oegi anjarijosaken soemerep wadyabala wonten antawisipoen talaga Baikakal kalijan Manchuli.  
Minister perang ing nagari Djepang soeka kabar dateng kabinet: wadyabala Roeslan wonten 40.000 sami samekta sangkep sadadameling perang, pating glidrah soemebur wonten wates Mantsjoeriè ingkang sisih Lèr. Déné pradjoerit Tiongkok wonten 440.000 manggèn ing Mantsjoeriè. Wadyabala samanten waoe ingkang 80.000 andjagi Chin. Oosterspoorweg.  
Kabar saking Habrin oegi martosaken Tiongkok teroes kémawon anggènipoen mepak wadyabala. Tanggal 17 Djoeli waoe sepoer-sepoer ingkang momot pradjoerit sampoèn mangkat dateng Pogranichnaya kalijan Manchuli.

Ing Moekden malah wonten dirèktoer handelsbureau bangsa Roeslan dipoenkèndeli.  
Kala tanggal 18 Djoeli, Tjina sampoèn angsal wangsoelan lan „RUSLAND MEDOT LALAJANANIPOEN KALIJA TJINA. Wakil-wakil Sovjet ingkang wonten Tjina kepeksa dipoenondang wangsoel, samanten oegi poenggawa-poenggawanipoen Ch. Oosterspoorweg, ingkang bangsa Roes oegi dipoenpoerih wangsoel. Sepoer-sepoer ingkang anggandèng Tjina kalijan Roeslan badé dipoenpedot, sarta wakil-wakil Tiongkok ing Roeslan badé katoendoeng wangsoel. Sovjet amastani: seratiipoen Tjina babar pisan boten maremaken. Sovjet badé angéwahi lepatipoen ingkang roemijin-roemijin saking kadjengipoen pijambak, badé angasosi karadjan Tjina, sarta boten badé oesoel ingkang soeraoipoen angoengkiri pandakwanipoen Tjina.  
Tiongkok pikantoe wangsoelan makaten waoe manahipoen étja kémawon.  
Samangké kados-poendi nagari DJEPANG???  
Ministerie Buitenlandsche Zaken ing Djepang njarijosaken bilih notanipoen Roeslan waoe boten ateges badé kedah wonten perang. Éwadéné inggih boten kok goemagah angantepi bilih nagari kalih waoe boten badé perang, margi itjalipoen Chin. Oostersche spoorweg makaten, toemrapipoen Wladiwostok pantes dipoentohi rah toewin pedjah.  
Nagari Djepang sanadjan badé ngatos-atos, éwadéné badé oesoel dateng nagari sakalih-kalihipoen soepados sami roekoena kémawon.  
Makaten para maos, ringkesaning tilgram-tilgram Aneta wiwit tanggal 12 doemoegi tanggal 18 Djoeli. Tjibi dipoenotosi kémawon roemijin, kados-poendi kadadosanipoen!

Kadang Katholiek Djawi!!

Poenapa pandjenengan nresnani jajasan Katholiek Djawi??

Mangga,

sami dipoenkatingalaken sarana

njembadakaken:

## Van Lith - Stichting!

Mangga,

sami nglebeti

## O. L. My Roekti - Woeri!

Mangga,

sami lengganan

## Swara - Tama!

reginipoen namoeng f 7,50 sataoen,

poenika sampoen kapétang kalijan reginipoen

## Soeara - Katholiek!

Mangga,

sami lengganan

## Tamtama Dalem Dèwi Marijah

reginipoen namoeng f 0,75 sataoen.

# KATERANGANIPOEN STATUTEN.

## 1. Bab nama (artikel I).

Nama ingkang sampoen keladjeng kasoemerepan sadèrèk katah inggih poenika „Priesterfonds.” Nanging loegoenipoen jejasan énggal poenika boten kénging dipoenwastani makaten, awit maksoedipoen boten namoeng mitoeloengi ngwontenaken daharipoen para Imam (Priester=Pastoor), nanging oegi badé soeka pitoeloengan dateng laré ingkang sinaoe wonten Seminarie oetawi laré Djawi Kath. sanès, ingkang badé ngladjengaken pasinaonipoen.

Badé dipoennamakaken „Van Lith-fonds” inggih karing matoek, awit jejasan poenika gadah fonds warni kalih i. p. Steunfonds lan Studiefonds.

Mila manoet manahanipoen „Comité, prajogi dipoennamakaken „Van Lith-Stichting.” Stichting tegesipoen jejasan. Dados „Van Lith-Stichting” anggadahi teges: Jejasan, ingkang minangka kanggé males lelabetanipoen Swargi Rama Van Lith toewin para Imam sanès dateng bangsa Djawi.

## 2. Bab panggénan (artikel I).

Bab panggénan, Comité milih Moentilan N. I. S., awit ingkang dipoenpèngeti asmanipoen soemaré wonten Moentilan. Tilaranipoen Swargi Rama Van Lith ingkang katingal ageng pijambak inggih wonten Moentilan, toewin malih anggènipoen njebar widjining Agami kita ingkang sapisanan oegi wonten. rika. Mangka maksoeding jejasan énggal poenika badé toemoet anggegesang „tanemanipoen” Rama swargi lsp.

## 3. Bab steunfonds (artikel III).

„Steunfonds” tegesipoen tjéléngan jatra kanggé mitoeloengi Mitoeloengi sinten? a) Mitoeloengi ngwontenaken daharipoen Imam Priboemi ing tanah Djawi, ingkang boten dados warganing Orde. (Orde=pakempalanipoen para Pastoor, oepami de Orde der Jezüeten). b) Kanggé moerid-moerid ing Seminarie. Inggih kanggé mitoeloengi para Imam kawastanan: *Priester-steunkas*, ingkang kanggé moerid Seminarie: *Seminarie-steunkas*.

Poenapaa - boten dipoennamakaken Priesterfonds oetawi Seminariefonds? Awit temboeng „fonds” ing riki kirang ngetrepi maksoeding kas-pitoeloengan poenika. Oetawi malih mindak kekatahan temboeng „fonds.”

Jatra ingkang katjaosaken kagem Imam lan kanggé laré Seminarie poenika boten wangsoel. Mila moerih loemintoe toemindakipoen kita kedah ngingah babon (i. p. *Stamkapitaal*), ingkang saged nigan (i. p. *medal saremanipoen*). Déné ingkang badé kasoembangaken namoeng tiganipoen babon waoe. Kita kedah ngoedi soepados babon waoe saja dangoe saja mindak lema, sageda katah tiganipoen.

## 4. Bab jatra oeroenan ingkang adjeg (artikel IV).

Jatra oeroenan ingkang adjeg poenika tampinipoen saking para „warga” i. p. tijang-tijang ingkang poeroen ngoeroeni V.L.S., sakedik-sakedikipoen 1<sup>0</sup>/<sub>100</sub> ning blandja oetawi 1<sup>0</sup>/<sub>100</sub> ning pamedalipoen tijang waoe ing dalem sawoelan. Oepami wonten sadèrèk ingkang pamedalipoen f 65, oeroenanipoen saben woelan inggih f 0,65 oetawi langkoeng.

Sadaja tijang ingkang sampoen tjepeng damel, kénging dados warga, boten mawang bangsa oetawi Agaminipoen. Awit ing riki nijat kita pantjèn namoeng badé nglempakaken jatra pitoeloengan, mila boten nijat ambédak-bédakaken bangsa oetawi Agami.

Oeroenan 1<sup>0</sup>/<sub>100</sub>-nan poenika dipoenedoem makaten: Inggih 85/100 kanggé damel Banda-pokok (Stamkapitaal), ingkang 15/100 kalebetaken Studiefonds.

## 5. Bab Stamkapitaal (artikel V).

Poenapaa bagéan ingkang kanggé damel Stamkapitaal ngantos samanten katahipoen? Ing ngadjeng koela sampoen matoer manawi Stamkapitaal poenika ingkang kaoendoeh namoeng sareman (rente)-nipoen. Dados jèn Stamkapitaal boten ageng, saremanipoen inggih ladjeng *sakedik sanget*. Mangka sareman waoe taksih dipoenedoem malih dados kalih bagéan. Inggih 20<sup>0</sup>/<sub>100</sub> kanggé Seminarie-steunkas, ingkang 80<sup>0</sup>/<sub>100</sub> kanggé Priester-steunkas.

Mangga sami kagaliha pijambak, oepami bagéanipoen Stamkapitaal kasoeda, gèk *saremanipoen* saben woelan saged wonten pinten roepijah!? Toedjoenipoen ing wekdal sapoenika dèrèng

wonten Pastoor Djawi, ingkang boten dados warganing Orde. nanging gangsal taenan engkas saged oegi sampoen wonten. Mila kedah dipoenwiwiti saking sapoenika!

## 6. Bab Studiefonds (artikel VI).

Studiefonds poenika kaangkah soepados teroes saged katingalaken, perloenipoen énggal katingal wohipoen. Mila sadaja gegadahanipoen Van Lith-fonds badé dipoenlebetaken Studiefonds sadaja.

Loegoenipoen Studiefonds poenika betahipoen boten patos katah kados Stamkapitaal, awit jatronipoen Studiefonds badé wangsoel lan kénging kanggé nragadi laré sanès. Dados jatra waoe lampahipoen kados déné moebeng giliran. Mila bagéanipoen saking jatra oeroenan ingkang adjeg boten kadamel ageng kados ingkang kalebetaken dateng Stamkapitaal.

## 7. Bab jatra dana.

Kedjawi jatra oeroenan ingkang adjeg, V.L.S. oegi badé ngangkah moerih saged tapi jatra dana. Menggah rékanipoen warni-warni, oepami:

1. pados warga pandjoeroeng (donateurs);
2. ngwontenaken lotré;
3. ngwontenaken tetinggalan;
4. tarikan jatra miroenggan (geldinzamelingen) lsp.

Jatra dana waoe anggènipoen nandjakaken manoet sakernipoen ingkang maringi (oetawi ingkang gadah ada-ada nglempakaken jatra); dados kénging:

- a. dipoenedoem kanggé Stamkapitaal, Priester-steunkas, Seminarie-steunkas lan Studiefonds.
- b. oetawi mligi kanggé salah satoenggiling kas-kas poenika.

## 8. V.L.S. kalijan P.K.W.

P.K.W. lan K.W.-K.W. boten gegandèngan babar pisan kalijan V.L.S. Jèn wonten perloenipoen, Pangrèhing jejasan saged oegi ngwontenaken pepanggihan kalijan para warga, oepami manawi warga-warga P.K.W. pinoedjoe parepatan taenan.

## 9. V.L.S. kalijan Paloepi Darma.

Menawi sami moefakatipoen, jatra dana saking pakempalanipoen para moeda Djawi Katholiek „Paloepi Darma” ingkang maksoedipoen oegi mitoeloengi Seminarie, prajogi kaklempakaken dados satoenggal kalijan jatronipoen Seminarie-steunkas.

## 10. V.L.S. kalijan Roekti Woeri.

Menawi saged O.L.Mij. „Roekti Woeri” saben taen prajogi njoekani dana ?<sup>0</sup>/<sub>100</sub>-ning batinipoen ingkang resik dateng Studiefonds. Awit sasoemerep koela O.L.Mij. „Boemi-Poetera” oegi mendet jatra saking batinipoen kanggé Studiefonds.

\*\*\*

Sadèrèk ingkang tebih-tebih, ingkang karsa andjoendjoeng dladjating gotrah kita Djawi Katholiek, ingkang karsa toemoet andjembaraken Karaton Dalem, ingkang nedya anggegesang tilaranipoen Rama Van Lith Swargi, soemangga sami dados warganing „Van Lith-Stichting!”

—0—

Saking atas namanipoen C. P. F.

Mertajoedan, 20 Juli 1929. F. SOETRISNA HARJADI.  
Magelang



c) *Priester - Steunkas* nampi 80% ning saremanipoen stamkapitaal toewin jatra dana ingkang pantjèn kanggé ngindaki steunkas poenika.

d) *Seminarie - Steunkas* angsal 20% ning saremanipoen stamkapitaal saha jatra ingkang pantjèn kanggé steunkas poenika.

#### Artikel VI.

##### Bab studiefonds.

Jatranipoen studiefonds poenika katandjakaken kanggé para moeda Djawi Katholiek ingkang pantjèn gadah dasar saged ne-roesaken pasinaonipoen, nanging kekirangan oetawi boten wonten ingkang nragadi. Para moeda ingkang tampi pitoeloengan saking studiefonds kedah sagah béndjingipoen mangsoelaken wragad waoe dateng jejasan poenika.

#### Artikel VII.

##### Bab Pangrèh.

a) Warganing Pangrèhipoen jejasan poenika katah-katahipoen wonten 5, sadaja kedah bangsa Priboemi. Ingkang netepaken warganing Pangrèh waoe Kandjeng Bisschop ingkang ambawahaken Missie ing Moentilan; déné ingkang ngatjoengaken Wewakiling K. Bisschop waoe. K. Bisschop netepaken oegi sinten ingkang kadjabah dados Directeur (pangarsa), Secretaris, Penningmeester oetawi Pangrèh sanèsipoen. Tetapan poenika kanggé tigang taen laminipoen.

Inkang kadadosaken Pangrèh sapisanan i. p.

- |         |                   |
|---------|-------------------|
| 1 ..... | — Directeur.      |
| 2 ..... | — Secretaris.     |
| 3 ..... | — Penningmeester. |
| 4 ..... | — Warga.          |
| 5 ..... | — Warga.          |

b) Warganing Pangrèh lèrèh margi saking panjoewoenipoen pijambak oetawi margi dipoenkèndeli K. Bisschop ingkang ambenoem warga waoe.

c) Poatoesaning Pangrèh sagedipoen apsa manawi warganipoen ingkang katah sami ngroedjoeki. Jèn tjatjahing warga ingkang ngroedjoeki sami kalijan boten, Directeur wenang andawahaken poatoesan.

Jèn ingkang kapoatoesan prekawis tijang, anggènipoen andawahaken poatoesan kedah mawi kaserat.

d) Pangrèh ngwontenaken parepatan, manawi Directeur manah perloe, oetawi saking panedanipoen para warganing Pangrèh sanèsipoen, oetawi malih margi saking pamoendoeting Wewakilipoen K. Bisschop.

#### Artikel VIII.

##### Bab pandamelanipoen Pangrèh.

a) Kedjawi nindakaken pandamelan sanès-sanèsipoen Pangrèh oegi wadjab:

1. Andjagi saha ngrigenaken gegadahanipoen jejasan poenika kanti wéwéka ingkang saé;
2. Ngréka daja moerih sarana-sarana ingkang sampoen kaseboet ing artikel IV ngadjeng poenika saged kaetjakaken ingkang prajogi, soepados gegadahanipoen jejasan tansah saged mindak katah;
3. Netepaken katahing jatra soembangan saking Priester-Steunkas, ingkang saben taonipoen badé katjaosaken satoenggal-satoenggaling Pangagengipoen Missie ing tanah Djawi, kanggé daharing para Imam priboemi ingkang boten dados warganing Orde, toewin netepaken oegi katahing jatra pitoeloengan saking Seminarie - Steunkas kanggé nragadi moerid-moerid Seminarie ingkang sampoen katetepaken angsal pitoeloengan;
4. Netepaken katahing jatra saking Studiefonds kanggé nragadi pasinaonipoen para moeda Djawi Kath. ingkang nedya kapitoeloengan, saha netepaken oegi pranatanipoen mangsoelaken jatra pitoeloengan waoe.

b) Directeur sesarengan kalijan Secretaris dados wewakilipoen jejasan poenika ing sadaja prakawis.

c) Pangrèh - padintenan i. p. Directeur lan Secretaris, kadjabah nindakaken sadaja poatoesaning Pangrèh.

d) 1. Pangrèh - Padintenan wenang ngrigenaken lampahing pandamelanipoen jejasan kanggé njekapi kabetahanipoen padintenan (daden van gewoon beheer).

2. Lampahing pandamelanipoen jejasan ingkang dédé kagolong kabetahan padintenan kedah manoet poatoesaning Pangrèh; samanten oegi manawi badé nindakaken pandamelan ingkang gegajoetan kalijan hak-darbéning

jejasan (eigendom), saha badé damel predjandjian (verbinding) toewin ngwontenaken samboetan (bezwing) kalijan pihak sanès.

e) Sasampoenipoen toetoepaning taoen, Pangrèh kedah damel palapoeran bab kawontenaning jatra toewin pandamelanipoen jejasan ing salebetipoen taoen ingkang mentas kapengker. Palapoeran waoe kasèp-kasèpipoen tanggal 1 April kedah sampoen dados lan oegi kedah kagijaraken manoet saperloenipoen.

#### Artikel IX.

##### Bab Wewakiling K. Bisschop.

a) Kandjeng Bisschop ingkang ambawahaken Moentilan ambenoem salah satoenggiling Imam, ingkang minangka dados Wewakil dalem, saha ingkang kadjabah maringi rembag toewin pitoeloengan dateng Pangrèhing jejasan poenika. Jèn wonten perloenipoen Wewakiling Kandjeng Bisschop (= W. K. B.) oegi maringi lantaran kanggé pados katerangan-katerangan oetawi sesoeloeh dateng tijang ingkang moempoeni.

b) 1. Saben tigang taen sapisan W. K. B. ngatoeraken namanipoen tijang-tijang ingkang poeroen sarta sakinten saged dados warganing Pangrèh énggal. Ing bab poenika W. K. B. kedah sarembag roemijin kalijan Pangrèh ingkang badé lèrèh.

2. Warganing Pangrèh ingkang mentas lèrèh kénging te-roes kabenoem malih.

3. Jèn sawantji-wantji wonten lowongan Pangrèh, W. K. B. wenang andjangkepi pijambak, nanging oegi kedah sarembag kalijam Pangrèh lan oegi kedah matoer dateng K. Bisschop.

c) 1. Jèn Pangrèh ngwontenaken parepatan kedah ngatoeri W. K. B. Sedaja poatoesan kedah dipoenmoefakati pandjenenganipoen. Poatoesaning parepatan Pangrèh ingkang boten katengganan W. K. B., boten kénging katindakaken roemijin, kedjawi manawi sampoen angsal idinipoen W. K. B. 2. Jèn kersanipoen W. K. B. boten dipoenmoefakati Pangrèh, ingkang moetoesi rembag K. Bisschop pijambak.

#### Artikel X.

##### Bab éwah-éwahan Statuten.

Jèn Statuten poenika badé dipoenéwahi oetawi dipoenwewahi, kedah njoewoen idinipoen K. Bisschop.

#### Artikel XI.

##### Bab bibaripoen jejasan.

a.) Jejasan poenika boten kénging kabibaraken, kedjawi manawi srana-srana ingkang kanggé anggajoe maksoedipoen sampoen telas oetawi boten kénging katindakaken malih; lan sagedipoen bibar namoeng jèn dipoenidini K. Bisschop.

b.) Manawi jejasan poenika kabibaraken, mangka taksih anggadhahi barang oetawi jatra, gegadahanipoen *steunfonds* badé kadanakaken dateng *Seminarie*, déné gegadahanipoen *Studiefonds* dateng *Canisius-stichting* oetawi jejasan sanès ingkang maksoedipoen mresoedi sasinaonipoen laré Priboemi Kath. ing tanah Djawi.

#### Artikel XII.

##### Bab Huishoud. Reglement.

Pranatan-pranatan sanèsipoen ingkang perloe kanggé ngrigenaken lampahing jejasan poenika ingkang netepaken Pangrèh; pranatan-pranatan waoe oegi kedah dipoenmoefakati W. K. B.

Warganing Comité  
ingkang kadjabah ngadega-  
ken jejasan poenika:


(tanda asta).

Warganing  
Pangrèh Van Lith-fonds:

(tanda asta)

*Pènget.* Serat-tetapan poenika kadamel kalih idji (in duplo), ingkang satoenggal kasimpen wonten archief-ipoen K. Bisschop, satoenggalipoen wonten archief-ing jejasan poenika.

TJALON  
PANGEDOEMING JATRANIPOEN  
„VAN LITH-STICHTING”





## S E R A T - T E T E P A N

nalika madegipoen

## „VAN LITH-STICHTING”

(V. L. S.)

Ingang sami tanda asta ing ngandap poenika  
koela .....

....., sadaja warganing Comité ingkang ka-  
patah ngadegaken „Van Lith-Stichting” saha  
koela .....

....., sadaja warganing

Pangrèh Van Lith-fonds,  
kanti idinipoen Kangdjeng Bisschop ing Betawi,  
moetoes:

ing dinten poenika — tanggal 15 Augustus 1929 —  
ngadegaken jejasan énggal wonten ing Moentilan,  
ingkang kanamakaken „Van Lith-Stichting” sarana  
ngwontenaken „onderhandsche acte” poenika.

Menggah maksoedipoen jejasan poenika nglem-  
pakaken jatra pandjoeroeng kanggé mitoeloegi pan-  
damelanipoen Missie Roomsche-Katholiek ing tanah

Djawi, sarana ngwontenaken fonds kalih warni, ing-  
kang kawastanan Steunfonds lan Studiefonds.

Sedyanipoen **Steunfonds** poenika:

a) mitoeloengi ngwontenaken jatra kagem dahar-  
ipoen para Imam Katholiek Priboemi, ingkang boten  
dados warganing Orde (inheemsche seculiere geeste-  
lijken) lan njamboet-damel wonten ing tanah Djawi  
toewin Madoera;

b) mitoeloengi nragadi pasinaonipoen moerid-  
moerid Seminarie ingkang kagolong bangsa priboemi.

Sedyanipoen **Studiefonds** mitoeloengi nragadi  
para moeda Djawi Katholiek, ingkang nedya nglad-  
djengaken pasinaonipoen.

Jatra pawitan ingkang kanggé ngadegaken:

a) Steunfonds katahipoen f 100,— (satoes roe-  
pijah);

b) Studiefonds: sadaja jatranipoen Van Lith-fonds,  
katahipoen f..... (.....); mila ing dinten

poenika oegi Van Lith-fonds ladjeng kabibaraken.

Toemindaking jejasan waoe badé manoet statuten  
ingkang kapatjak ing ngandap poenika.

## S T A T U T E N .

## Artikel I.

## Bab nama lan panggènan.

- a) Namaning jejasan poenika „Van Lith-Stichting”.
- b) Déné manggènipoen wonten ing Moentilan N.I.S.
- c) Taoening boekoe-boekoenipoen jejasan poenika sami  
kälijan taoening pananggalan Walandi.

## Artikel II.

## Bab maksoedipoen.

Maksoeding jejasan poenika njaosi (ngwontenaken) jatra pi-  
toeloengan kanggé pandamelanipoen Missie Roomsche-Katholiek  
ing tanah Djawi, toewin prakawis-prakawis sanèsipoen ingkang  
gegajoetan kalijan pandamelan poenika (= om het werk van de  
R. K. Missie op Java middellijk of onmiddellijk geldelijken steun  
te verleenen).

## Artikel III.

## Bab sarananipoen.

Ingang kanggé saranipoen anggajoh maksoed waoe i. p.  
ngwontenaken lan anggegesang fonds kalih warni: Steunfonds  
toewin Studiefonds.

- a) **Steunfonds** anggadahi steunkas kalih; déné maksoedipoen:
  1. Njaosi jatra pitoeloengan dateng para pangagenging Missie  
(Kerkvoogden) ing tanah Djawi kagem daharipoen para  
Imam Priboemi, ingkang sami dedoenoeng wonten ing  
djadjahanipoen para pangagenging Missie waoe (Priester-  
steunkas).
  2. Mitoeloengi nragadi pasinaonipoen (=opleiding) laré-  
laré Priboemi ingkang mersoedi dados Imam (Seminarie-  
Steunkas).

b) **Studiefonds** maksoedipoen mitoeloengi nragadi para  
moeda Djawi Kath. ingkang nedya ngladjengaken pasinaonipoen,  
nanging kekirangan wragad.

## Artikel IV.

## Bab gegadahanipoen.

a) Ingang dados gegadahanipoen jejasan poenika jatra pa-  
witan ingkang kanggé ngadegaken (stichtingskapitaal), kawewa-  
han jatra saking oeroenan ingkang adjeg, jatra dana, warisan,  
saking pangréka daja sanès ingkang oetami saha oegi saking  
saremanipoen jatra-jatra waoe.

b) Gegadahanipoen jejasan poenika toemandjanipoen dateng  
fonds kalih warni, ingkang kaseboet ing artikel III.

1. Ingang kagolong gadahanipoen **Steunfonds** i. p. jatra  
pawitan sapisanan ingkang kalebetaken ing fonds poeni-  
nika, kawewahan 80% nipoen jatra oeroenan ingkang  
katampi ing dalem sataoen-sataoenipoen, jatra ingkang  
pantjèn kadanakaken dateng Steunfonds, jatra sareman  
ingkang kalebetaken steunkas-steunkas, toewin jatra ing-  
kang djan kadanakaken kanggé steunkas-steunkas poe-  
nika.
2. Ingang kalebet dados darbèkipoen **Studiefonds** i. p. jatra  
ingkang soewaoenipoen dados gadahanipoen Van Lith-  
fonds, kawewahan 20%-ning jatra oeroenan ingkang  
katampi ing dalem sataoen-sataoenipoen, saha jatra dana  
ingkang pantjèn kasoekakaken kanggé ngagengaken Stu-  
diefonds.

## Artikel V.

## Bab Steunfonds.

a) Jatranipoen Steunfonds ingkang boten kalebetaken steun-  
kas-steunkas kedah kaklempakaken kanggé damel „Stamkapitaal”;  
jatra poenika boten kénging kaepik-epik lan anggènipoen nitip-  
aken kedah ngatos-atos sanget, sampoen ngantos ngoewatosi,  
lan kedah oegi sarembag roemijin kalijan Wewakiling Kangdjeng  
Bisschop, ingkang ambawahaken Missie ing Moentilan.

b) Sasampoenipoen kasoeda kanggé wragad ingkang perloe  
kawedalaken, saremanipoen Stamkapitaal poenika dipoenedoem  
kanggé Priester-Steunkas lan Seminarie-Steunkas. Steunkas kalih  
warni waoe anggadahi boekoe pijambak-pijambak.



NAMA „PRIESTERFONDS” DJEBOEL BOTEN KANGGÉ!  
VAN LITH-FONDS PEDJAH, NANGING  
LADJENG NITIS!

PEKABARAN.

Para sadèrèk!

Sampoén radi dangoe „Comité Priesterfonds” boten matjak pekabaran wonten ing Swara-Tama. Menggah djalaranipoen warni-warni, boten preloe koela atoeraken ing riki.

Ing sapoenikanipoen C.P.F. sampoén saged njaosi pekabaran ingkang langkoeng terang, langkoeng goematok, awit gagasanipoen bab poenika sampoén nama mateng. C.P.F. pandamelanipoen prasasat sampoén rampoeng; kantoen satoenggal ingkang taksih kedah katindakaken i.p. ngwontenaken parepatan kanggé ngedegaken jejasan énggal poenika.

Rantjangan Statuten oegi sampoén dados lan kapatjak wonten ing ngandap poenika. Sadèrèngipoen ngatoeri katerangan bab soeraosing Statuten, saking atas namanipoen C.P.F. koela matoer noewoen sanget dateng sadaja prijantoen toewin sadèrèk ingkang sampoén sami maringi pitoeloengan jatra oetawi baoe dateng pandamelanipoen C.P.F.

Moerih djangkepipoen, sadaja wontenipoen jatra ingkang katampi C.P.F. koela seboetaken wonten ing riki malih:

|                           |        |                                 |
|---------------------------|--------|---------------------------------|
| 1. K. W. Moentilan . . .  | f 10,— | Sawenèhing prijantoen sam-      |
| 2. K. W. Klatèn . . .     | f 10,— | poen wonten ingkang wiwit       |
| 3. K. W. Solo . . .       | f 5,—  | maringi contributie kanggé      |
| 4. Onbekende . . .        | f 10,— | Priesterfonds. Rèhning ing titi |
| 5. Familiefonds . . .     | f 10,— | mangsa poenika V.L.S. dèrèng    |
| 6. Njamboet dateng        |        | madeg, mila jatra waoe kapa-    |
| Onbekende . . .           | f 50,— | renga dipoenanggep jatra dana   |
| 7. Hr. Martawidagda       |        | kanggé nragadi pandamelan-      |
| (Semarang) f 10,—         |        | ipoen C.P.F.                    |
| 8. Hr. Marta (Solo) . . . | f 2,50 | Kawontenanipoen jatra ing-      |
| 9. Hr. A. Soeratma        |        | kang medal dèrèng saged         |
| (Wonogiri) f 3,—          |        | ngatoeraken, ngentosi menawi    |
| 10. Hr. F. Mangoensoe-    |        | pandamelanipoen C.P.F. sam-     |
| bratá (Batang) f 1,—      |        | poen rampoeng babar pisan.      |
| 11. Hr. Natasoeganda      |        |                                 |
| (Djember) f 0,75          |        |                                 |
| 12. Hr. F. Djajasoemarta  |        |                                 |
| (Tegal) f 1,—             |        |                                 |
| 13. Hr. Soerasoedirdja    |        |                                 |
| (Djèbet) f 5,—            |        |                                 |
| Goenggoeng f 118,25       |        |                                 |

OELEM - OELEM.

Ingkang sareng poenika C.P.F. njaosi priksa dateng sadaja sadèrèk Djawi Katholiek kakoeng toewin poetri bilih bédjing dinten:

*Kemis Kliwon tg. 15 Augustus 1929*

comité badé ngwontenaken parepatan kanggé ngadegaken „Van Lith-Stichting” wonten ing:

*Xaverius-College Moentilan N.I.S.*

Djam 9<sup>1</sup>/<sub>2</sub> éndjing parepatan badé dipoenwiwiti.

Comité sanget ngadjeng-adjeng rawoeh pandjenengan, langkoeng-langkoeng para sadèrèk Djawi toewin *Welandi*, ingkang sampoén nanda asmani „Serat-kasagahan” lan nedya ngagengaken jejasan, ingkang minangka kanggé males lelabetanipoen swargi Rama Van Lith toewin para Imam sanèsipoen dateng bangsa kita Djawi.

\* \*

*Programma kanggé dinten 15 Augustus 1929.*

- I. Koerban Mis Soetji wonten ing Grédja Moentilan.
- II. Sowan dateng pasaréanipoen swargi Rama Van Lith lan Rama Mertens.
- III. Parepatan wonten ing „Mertenszaal.”

*Agendanipoen:*

1. Pamboeka.
2. Palapoeran bab pandamelanipoen C.P.F.
3. Nerangaken maksoed saha tjalon toemindaking „Van Lith-Stichting.
4. Sesorahipoen warga Pangrèh Van Lith-fonds.
5. Nampi warga énggal.
6. Ngabsahaken Statuten.
7. Bab Huishoudelijk Reglement.
8. Ngadjengaken sawoeng-soewoeng kanggé Pangrèhipoen „Van Lith-Stichting.”
9. Soeka pangoeawas dateng Pangrèh njoewoenaken idinipoen K. Bisschop kanggé Statuten-ipoen jejasan.
- IV. Nanda astani „Serat tetapan.”
- V. Panoetoep.

*Pènget:* Programma saha agenda poenika taksih kénging kaéwahan.

\* \*

Ing ngandap poenika C.P.F. ngatoeraken rantjanganipoen „Serat-tetapan” (Stichtingsbrief) kalijan Statuten-ipoen „Van Lith-Stichting.”

